

Kòman mwen pral konnen ki dokiman m ap ap le?

Chak dokiman genyen yon non idantifyan avèk/oswa nimewo. Enfòmasyon pou idantifye dokiman an abityèlman twouve nan oswa tou pre anlè dokiman an, oswa anba dokiman an. Nimewo Dosye Desizyon Otorite Siperyè yo ki emèt pa Depatman Komès Kawolin Dinò, Konsèy Egzamen ("Konsèy") ki sitiye anlè adwat sou premye paj desizyon an.

Si mwen pa dakò avèk Desizyon Otorite Siperyè a, èske mwen ka rele ka a nan tribinal?

Wi. Ou kapab mande yon jij kou siperyè egzamine Desizyon Otorite Siperyè a avèk rejis ka a. Yon demann pou egzamen kou siperyè rele yon petisyon pou egzamen jidisyè. Ou pral genyen yon chans pou asiste yon odyans devan yon jij. Si ou pa byen fè depozisyon petisyon w lan, Divizyon an pral depoze yon mosyon pou rejte petisyon an, epi jij la pral tandè agiman mosyon an. Si petisyon ou an te byen depoze epi voye avèk swen, epi reponn avèk tout egzijans jiridik yo, jij la pral egzamine petisyon ou an, prè ki te prezante nan Konsèy la, avèk desizyon Konsèy la. Jij la pral gade (1) si te genyen nenpòt prè konpetan nan rejis ki devan Konsèy la pou sipòte konstataasyon fè yo, epi (2) kèlkeswa fè yo sipòte konklizyon lalwa yo epi Desizyon Otorite Siperyè yo. *Gade N.C. Gen. Stat. §§ 96-15(h) avèk (i).*

Konbyen tan mwen genyen pou m depoze yon apèl nan tribinal la? ou genyen trant (30) jou apati de dat Desizyon Otorite Siperyè a te emèt la pou depoze yon petisyon pou egzamen jidisyè nan kou siperyè a. Desizyon an pral vin definif sof si yon petisyon pou egzamen jidisyè depoze alè nan kou siperyè a. Dat Desizyon Otorite Siperyè a te emèt la twouve sou dènye paj desizyon an. *Gade N.C. Gen. Stat. §§ 96-15(h) avèk (i).*

Kòman mwen ka depoze yon apèl nan kou a?

Ou dwe depoze yon apèl de yon Desizyon Otorite Siperyè a bay Grefye Kou Siperyè nan Komin kote w ap viv la, oswa kote ou genyen zòn prensipal biznis ou an. Si ou p ap viv oswa pa genyen yon zòn prensipal biznis nan okenn Komin nan Kawolin Dinò, ou dwe depoze yon petisyon pou egzamen jidisyè nan Kou Siperyè Komin Wake, Kawolin Dinò oswa bay Grefye Kou Siperyè komin Kawolin Dinò a kote konstèstasyon an te fèt la. *Gade N.C. Gen. Stat. § 96-15(h).*

Èske mwen rekòmande pou m genyen yon reprezantasyon pou fè depozisyon yon petisyon pou egzamen jidisyè?

Petèt. Demandè yo kapab jeneralman reprezante tèt yo nan pwosedi kou siperyè a. Sosyete komèsyal yo dwe reprezante pa yon avoka ki lisansye. Reprezantasyon nan pwosedi jidisyè yo, tankou nan kou siperyè a, dwe konfòm avèk avèk chapit 84 nan règleman Jeneral avèk Règ Eta Bawo kawolin Dinò yo. Ou ta dwe konsilte yon avoka pou konsèy jiridik.

Ki kote mwen kapab jwenn yon avoka?

Ou kapab rele Sèvis Referans Asosiyasyon Avoka Kawolin Dinò a nan (800) 662-7660, Èd Legal Kawolin Dinò a gratis nan (866) 219-5262, oswa verifiye repètwa telefòn lokal ou an.

Kisa mwen ta dwe din an petisyon mwen an pou egzamen jidisyè a?

Konsèy la avèk Divizyon Sekirite Travay la pa kapab di w kisa pou w di nan petisyon pou egzamen jidisyè ou an. Ou kapab konsilte yon avoka pou konsèl legal. Lwa a rekòmande ke petisyon pou egzamen an di avèk klare eksepsyon ou nan desizyon Konsèy la oswa pwosedi avèk èd w ap chèche nan kou a. *Gade N.C.*

Gen. Stat. § 96-15(h).

Èske mwen dwe founi yon kopi petisyon m nan pou egzamen jidisyè bay yon lòt moun ki pa grefye kou siperyè a?

Wi. Nan delè dis (10) jou aprè depozisyon petisyon ou an pou egzamen jidisyè, ou dwe voye yon kopi, kèlkeswa an pèsòn, oswa pa kourye ki sètifye, akize resepsyon ki rekòmande a, bay ajan ki imatrikile nan Divizyon Sekirite Travay la pou sèvis trètman ki mansyone nan Desizyon Otorite Siperyè a. *Gade N.C. Gen. Stat. §1A-1, Règ 4(j)(4).* Ou dwe voye yon kopi petisyon an tou an pèsòn, oswa pa kourye ki sètifye, akize resepsyon ki egzije a bay tout pati yo pou kontinye devan Konsèy la nan delè dis (10) jou de lè petisyon an te depoze a (abityèlman demandè a si ou se yon anplwayè a, oswa anplwayè si ou se demandè a). *gade N.C. Gen. Stat. § 96-15(h).*

Èske mwen ta dwe kontinye fè depozisyon demann pou alokasyon yo jiskaske desizyon tout apèl te pran?

Wi. Si ou nan chomaj, ou ta dwe kontinye fè depozisyon sètifikasyon chak semèn ou yo jiskaske desizyon fin pran sou tout apèl. Alokasyon yo p ap peye pou semèn ki pa reklame yo. *Gade N.C. Gen. Stat. §§ 96-14.9 and 96-15(b)(2).*

Ki kote mwen kapab jwenn yon kopi Lwa sou Sekirite Travay la?

Lwa sou Sekirite Travay la twouve nan chapit 96 Règleman Jeneral kawolin Dinò yo. Règleman Adiministratif DES yo kapab twouve nan Tit 4, chapit 24 Kòd Administratif Kawolin Dinò yo. Ou kapab jwenn aksè avèk yon kopi lwa sou gouvènans sou sitwèb www.des.nc.gov, Sitwèb Biwo Administratif Odyans lan nan www.oah.state.nc.us/rules, or nan <http://reports.oah.state.nc.us/ncac.asp>.

AVI ESPESYAL POU DEMANDÈ YO:

Si ou w ap resevwa oswa ou te resevwa anvan alokasyon asirans chomaj yo an koneksyon avèk deman ki soulinyea, epi Desizyon Otorite Siperyè a fè w pa elijib oswa diskalifye pou tout oswa yon pati alokasyon yo, ou kapab kounyeya jwenn yon pèman anplis selon N.C. Gen. Stat. § 96-18 (g)(2). Si yon pèman anplis te kreye pa yon Desizyon Otorite Siperyè, yo pral voye pou ou pa lapòs yon Avi separe Pèman Anplis la oswa Rezolisyon Pèman Anplis de Seksyon Kontwòl pèman Alokasyon/Seksyon Entegrite Alokasyon Divizyon an. Avi Pèman Anplis oswa Rezolisyon Pèman Anplis la pral espesifye, pami lòt bagay yo, montan pèman anplis ou an avèk penalite ki aplike yo. Silvouplè pran nòt, sèl mwayen ou kapab konteste yon apèl pèman anplis se fè depozisyon apèl Desizyon Otorite Siperyè a nan kou siperyè a jan li founi mam Desizyon Otorite Siperyè a, epi annakò avèk Lwa Kawolin Dinò a. Gade N.C. Gen. Stat. §§ 96-15(h) avèk (i).

Pwogram asirans chomaj nan Kawolin Dinò a administre pa Depatman Komès Kawolin Dinò, Divizyon Sekirite Travay (DES) - www.des.nc.gov

Pibliye pa Depatman Komès Kawolin Dinò
NCBOR 572-E (Rev. 9/9999)




AJAN IMATRIKILE DIVIZYON SEKIRITE TRAVAY LA POU SÈVIS TRÈTMAN

XXXXX

Konsèye jiridik
an Chèf
Depatman Komès Kawolin Dinò
Divizyon Sekirite Travay

Adrès Lapòs: Post
Office Box 25903 Raleigh,
NC 27611-5903

Adrès Fizik:
700 Wade Avenue
Raleigh, 27605-1154
Nivo apel-Demann



EGZAMEN JIDISYÈ

Fè Apèl Desizyon Otorite Siperyè nan Kou a

Bwochi sa genyen enfòmasyon enpòtan konsènan dwa w yo selon Lwa Sekirite Travay la. Li eksplike pwosesis pou fè depozisyon yon nan kou siperyè aprè resepsyon yon Desizyon de Konsèy Egzamen Depatman Komès Kawolin Dinò a.

Ou dwe konfòme w avèk tout egzijans ki etabli pa lalwa yo.

Pou demann ki te depoze pandan oswa aprè 30 Jyen 2013, demandè yo fè sijè ranbousman pèman anplis alokasyon ki soti de tout desizyon ki ranvèse pandan apèl la. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).

Pou plis “Kesyon ki Souvan Poze” (FAQs) konsènan apèl yo, vizite sitwèb DES la nan www.des.nc.gov.

